Pou Piblikasyon Imedya: 16/06/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE ACHÈVMAN PWOJÈ CHAMPLAIN HUDSON POWER EXPRESS LA

Liy lan ap satisfè jiska 20 pousan nan bezwen enèji Vil Nouyòk ak enèji idwo-elektrik ki pa gen emisyon epi li ap pote benefis pou kominote defavorize ki plis afekte akoz chanjman klimatik yo

Pi gwo pwojè enèji renouvlab ak transpò nan Eta Nouyòk nan 50 dènye ane yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Champlain Hudson Power Express (CHPE), yon liy transmisyon ki gen 546 km (339 mil) longè e ki se youn nan pi gwo pwojè enfrastrikti transmisyon nan Eta Nouyòk pandan 50 dènye ane yo, kapab kounye a founi enèji pwòp ak fyab ki soti Kanada dirèkteman nan Vil Nouyòk. Yo prevwa CHPE ap livre 10.4 terawat-èdtan enèji pwòp chak ane nan zòn metwopolitèn Nouyòk la – sa ki ap satisfè jiska 20% nan bezwen vil la – epi diminye emisyon kabòn yo nan 37 milyon tòn metrik rive nan ane 2040. Sa ap pote gwo benefis pou sante piblik lè li diminye emisyon danjere ak polyan nan lè lokal la nan Vil Nouyòk, espesyalman nan kominote ki istorikman pa t jwenn ase sèvis yo.

"Liy transmisyon Champlain Hudson Power Express la se youn nan premye pwojè mwen te defann kòm Gouvènè, epi li reprezante yon gwo chanjman lè li rive kenbe kouran an disponib, ede bati yon avni ki pi pwòp, epi kontwole depans yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk achèvman pwojè sa a, nou ap bay 1 milyon kay nan Vil Nouyòk enèji pwòp yo bezwen, yon enèji ki pral sèvi kominote yo pandan plizyè jenerasyon k ap vini. Pwojè sa a se yon lòt prèv ki montre malgre obstak san parèy nou ap fè fas ak yo nan nivo federal, Nouyòk ap kontinye rete yon lidè nasyonal nan domèn klima ak enèji pwòp nan ane k ap vini yo."

Liy transmisyon CHPE a, ki fè pati apwòch global Gouvènè a nan domèn enèji pou kenbe kouran an disponib epi diminye depans pou Nouyòkè yo, pral ede ranplase enèji ki te pèdi apre fèmti santral nikleyè Indian Point la.-Depi fèmti Indian Point, Vil Nouyòk te oblije konte plis sou santral ki mache ak gaz natirèl, sa ki te lakòz emisyon yo ogmante nan pati sid Eta Nouyòk la.
Pwojè CHPE a, ke Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te pase kontra pou li, epi ke Transmission Developers Inc devlope an patenarya ak Hydro-Québec, prevwa pote plis pase 3.4 milya dola nan envestisman ekonomik pandan dire kontra 25 ane a epi li deja

sipòte plis pase 1,400 djòb nan konstriksyon ak operasyon ki pèmèt fanmi viv atravè tout eta a. Anplis de sa, Green Economy Fund CHPE a, yon fon ki gen 40 milyon dola, deja bay 2 milyon dola bay òganizasyon ki konsantre sou kominote defavorize yo, devlopman mendèv la ak rekalifikasyon pwofesyonèl, avèk objektif pou fasilite entegrasyon moun yo nan ekonomi enèji pwòp la.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority) la, Doreen M. Harris, te deklare, "Jodi a, nou ap louvri yon nouvo chapit nan istwa enèji Nouyòk lè nou pote yon kantite enèji pwòp ki pral transfòme sitiyasyon an pou pi gwo vil nan peyi a. Non sèlman pwojè sa a montre avantaj angajman Gouvènè Hochul genyen pou yon divèsite sous enèji, men li ogmante fyabilite rezo elektrik nou an tou lè li livre ase elektrisite pou alimante plis pase yon milyon kay, pandan li diminye polisyon epi amelyore kalite lè a nan kominote ki pi vilnerab nou yo."

Yo te chwazi CHPE an septanm 2021 kòm pati nan apèl òf Nivo 4 ke NYSERDA te administre, epi konstriksyon pwojè a te kòmanse an 2022. Liy transmisyon 1,250 megawat Kouran Dirèk Vòltaj Wo (High Voltage Direct Current, HVDC) a soti Montreal, Quebec rive nan Konplèks Enèji Astoria nan Queens epi li konekte ak rezo elektrik la nan nouvo sou-estasyon Astoria Annex ki fèk agrandi a, ki fè pati Otorite Enèji Nouyòk (New York Power Authority, NYPA). NYPA te sipòte TDI tou nan konstriksyon yon nouvo liy transmisyon anba tè ki gen prèske 6 km (4 mil) longè, yo rele Astoria Rainey Cable (ARC), ki konekte Astoria Annex ak sou-estasyon Rainey Con Edison an.

Pwojè CHPE a, ki resevwa sipò anpil minisipalite ak konte lokal yo, te siyen plizyè akò travay sou pwojè ki reprezante plis pase twa milyon èdtan travay sendikal an total. Li se liy transmisyon ki pi long nan Amerik di Nò ki antere nèt anba tè, epi yo te antere l estratejikman anba tè ak anba dlo pou ogmante fyabilite li alontèm epi minimize enpak li sou anviwònman an ak sou kominote yo.

CHPE se yon eleman esansyèl nan divès kalite resous ak enfrastrikti ekipman pou enèji Nouyòk yo. Li sipòte Plan Enèji Eta a lè li livre enèji idwo-elektrik pwòp ak fyab ansanm ak enèji renouvlab nan yon rejyon ki gen gwo demann, sa ki ede diminye konjesyon sou rezo a, amelyore fleksibilite sistèm nan, epi redui depandans sou pwodiksyon elektrisite ki mache ak gaz, ki pi chè. Plan Enèji Eta a mete aksan sou transmisyon kòm yon enfrastrikti esansyèl pou entegre nouvo sous pwodiksyon enèji pwòp yo sou yon gwo echèl epi pou jere kwasans demann enèji nan lavni yon fason efikas.

Prezidan ak PDG Komisyon Fonksyon Piblik Eta Nouyòk la, Rory M. Christian, te deklare, "Achèvman liy transmisyon Champlain Hudson Power Express la montre angajman Gouvènè Hochul genyen anvè solisyon ki gen yon enpak reyèl sou lavi chak jou Nouyòkè yo. Konsomatè yo pral benefisye depans enèji ki pi ba, pi bon rezilta nan zafè sante gras ak rediksyon depandans sou sous pwodiksyon elektrisite ki pwodui plis emisyon epi ki pi chè, ki kontribye nan polisyon lè a, ansanm ak yon sèvis elektrisite ki pi fyab pou zòn Vil Nouyòk la. Elektrisite ki disponib kounye a pou Vil Nouyòk atravè liy

CHPE ki antre an sèvis la reprezante yon gwo avantaj pou konsomatè yo, espesyalman pou moun k ap viv nan kominote ki istorikman defavorize yo."

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta Nouyòk, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Yon moun sèlman bezwen li dènye gwo nouvèl yo pou konprann enpòtans pou garanti sous enèji ki pwòp ak fyab, epi gras ak vizyon ak detèminasyon Gouvènè Hochul, Nouyòk ap fè egzakteman sa. DOT fyè dèske li te travay ansanm ak patnè nou yo nan eta a pou reyalize Champlain Hudson Power Express la - ki ap ede satisfè bezwen enèji Nouyòk yo pou soutni kwasans ekonomik kontinyèl nou an."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta Nouyòk (New York State Department of Environmental Conservation), Amanda Lefton, te deklare, "Pwojè Champlain Hudson Power Express la pote enèji pwòp ak renouvlab pou ranfòse fyabilite rezo elektrik Vil Nouyòk la epi amelyore sante piblik lè li diminye emisyon danjere yo, espesyalman nan kominote ki pi vilnerab nou yo. Etap enpòtan sa a, ansanm ak eritaj Gouvènè Hochul nan envestisman istorik pou rann enèji pi abòdab ak pi fyab, ap ede garanti yon enèji pwòp ak fyab, kreye djòb ki byen peye, epi bay priyorite a ekite klimatik ki benefisye tout Nouyòkè yo."

Komisè Depatman Travay Eta Nouyòk la, Roberta Reardon, te deklare, "Yon rezèv abondan enèji pwòp ki fyab ak abòdab esansyèl pou alimante avni ekonomik Eta Nouyòk la. Depatman Travay Eta Nouyòk (New York State Department of Labor) la, k ap travay ansanm ak Gouvènè Hochul ak patnè ajans nou yo, fyè pou l kontinye efò li yo pou konekte Nouyòkè yo ak karyè ki rekonpanse epi ki gen anpil demann nan sektè enèji pwòp la, pandan l ap fòme mendèv kalifye ki nesesè pou sipòte pwogrè nou anvè yon rezo elektrik ak yon ekonomi ki baze sou enèji pwòp."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji Nouyòk la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Nou voye felisitasyon nou bay Gouvènè Hochul ak tout ekip CHPE a paske yo te reyalize epi mete enfrastrikti enpòtan sa a an sèvis alè. CHPE deja ap sèvi kòm yon sous fyab pou sistèm elektrik Vil Nouyòk la, pandan li bay avantaj ekonomik ak kominotè pou Nouyòkè yo jodi a, benefis ki pral kontinye pandan plizyè deseni k ap vini. Nou menm nan NYPA, nou fyè dèske nou ap jwe yon wòl enpòtan, pandan n ap travay nan tèt kole ak patnè nou yo nan TDI, NYSERDA ak ConEd, pou konekte Champlain Hudson Power Express ak rezo elektrik Vil Nouyòk la."

Sekretè Deta Nouyòk la, Walter Mosley, te deklare, "Sa a se yon moman istorik pou avni politik enèji nan Eta Nouyòk la, ansanm ak pou anpil konsomatè nan Vil Nouyòk ki pral kounye a benefisye de yon enèji pwòp, fyab ak rezistan. Lide inovatè pou kreye yon koneksyon ant enèji idwo-elektrik Kanada ak Vil Nouyòk la vin tounen yon reyalite gras ak travay di Transmission Developers, Inc. ak plizyè ajans eta a. Depatman Eta a kontan anpil dèske li te jwe yon wòl nan fè vizyon odasye sa a tounen yon reyalite epi nan sipòte Plan Enèji Eta a ki pragmatik ak efikas atravè Gouvènè a. Etap enpòtan sa a montre gwo reyalizasyon posib lè sektè piblik ak sektè prive a travay ansanm pou devlope yon ekonomi enèji ki pwòp ak fyab."

Senatè Eta, Toby Ann Stavitsky, te deklare, "Avèk enèji idwo-elektrik pwòp la ki antre an sèvis, Nouyòk ap kapab konte mwens sou konbistib fosil ki konsantre nan kominote nou yo. Sa vle di yon lè ki pi bon pou sante fanmi yo nan Queens ak yon rezo elektrik ki pi solid pou tout vil la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te fè sa tounen yon reyalite."

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Mwen kontan wè pwojè Champlain Hudson Power Express la antre an sèvis, pandan li satisfè 20 pousan nan bezwen enèji Vil Nouyòk la avèk enèji idwo-elektrik pwòp ak fyab. Pwojè sa a se yon etap enpòtan pou diminye emisyon yo epi rezoud pwoblèm maj fyabilite rezo elektrik Vil Nouyòk la ki ap diminye,"

Manm Asanble Deborah Glick te deklare, "Pandan Nouyòk ap kontinye fè tranzisyon pou l kite depandans sou konbistib fosil dèyè epi avanse nan direksyon yon avni enèji ki pi pwòp, pwojè tankou CHPE jwe yon wòl esansyèl. Livrezon gwo kantite elektrisite pwòp nan rejyon sid Eta Nouyòk la ap ede diminye emisyon yo epi bay rezo elektrik la yon nouvo sous enèji fyab ki enpòtan anpil. Mwen trè kontan wè ke, atravè pwojè sa a, Gouvènè Kathy Hochul demontre enpòtans enèji renouvlab la ak angajman li pou elaji kapasite transmisyon esansyèl pou Eta Nouyòk la."

Majistra Mamdani te deklare, "Champlain Hudson Power Express la montre sa ki posib lè nou fè envestisman piblik anbisye epi nou mennen yo rive jouk nan bout. Nouyòkè yo merite yon avni ki mache ak enèji pwòp, fyab ak abòdab; pwojè sa a fè avni sa a vin pi pre reyalite," Majistra Mamdani te deklare. "Li se rezilta yon efò òganizasyon ki te fèt sou yon baz kontinyèl, patenarya ak angajman piblik, epi Vil Nouyòk fyè dèske li te yon patnè nan fè sa tounen yon reyalite. Nan vil ki pi rich nan peyi ki pi rich nan mond lan, tout Nouyòkè yo merite gen aksè ak enèji pwòp ak abòdab."

Prezidan ak Direktè Operasyon Blackstone la, John Gray, te deklare, "Sa a se yon pwojè transfòmatè – li pote enèji esansyèl soti Quebec rive Queens – ki pral ede diminye emisyon yo epi satisfè prèske yon senkyèm nan bezwen elektrisite Vil Nouyòk la. Jodi a make aboutisman yon chemen ki te dire 16 ane, epi nou pa t ap ka pi fyè dèske kapital alontèm Blackstone te ede fè pwojè sa a tounen yon reyalite. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul, TDI, Hydro-Québec, gouvènman federal la, Vil Nouyòk, ansanm ak anpil lòt patnè nou yo ki te ede livre enèji ki pi pwòp pou Vil Nouyòk."

Prezidan Konsèy Administrasyon TDI, Brian Kubeck, te deklare, "CHPE se rezilta plis pase kenz ane travay, epi etap enpòtan sa a ki pral transfòme melanj sous enèji Vil Nouyòk la epi ranfòse fyabilite rezo elektrik vil la se yon reyalizasyon ki pou tout moun ki te ede fè pwojè a pase soti nan yon lide pou rive tounen yon reyalite. Gras ak lidèchip odasye Gouvènè Hochul, angajman NYSERDA anvè tranzisyon Nouyòk pou enèji pwòp, patnè alontèm nou yo nan Blackstone ak Hydro-Québec, patnè nou yo nan konstriksyon ak distribisyon, ansanm ak ekip devwe nou an nan TDI, nou ap selebre entegrasyon enèji idwo-elektrik pwòp ak fyab ki disponib pou rezo elektrik Nouyòk la epi

ki pare pou alimante plis pase yon milyon kay. Pwojè sa a montre sa ki ka reyalize lè envestisman prive ki angaje kapab sipòte politik gouvènman ki entelijan ak estratejik, epi nou espere siksè CHPE a kapab sèvi kòm yon egzanp sou fason gwo pwojè enfrastrikti yo ka reyisi alavni."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Hydro-Québec Claudine Bouchard, te deklare, "CHPE montre kijan enfrastrikti konplèks yo ka reyalize grasa kolaborasyon soutni ak pataj ekspètiz. Sa ki pi enpòtan toujou, li mete an evidans wòl transmisyon ki konekte youn ak lòt yo ap jwe de pli zan pli pou amelyore fyabilite ak rezistans sistèm nan. Lè yo konekte resous enèji atravè fwontyè yo, pwojè tankou sa a ede poze fondasyon pou pwochen jenerasyon sistèm enèji yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès North Country a, Garry Douglas, te deklare, "Achèvman CHPE a se vrèman yon etap istorik nan efò pou satisfè bezwen eta a genyen nan zafè enèji pwòp. Epi li se yon lòt gwo koneksyon ekonomik ant Nouyòk ak Quebec, ki kontinye ranfòse avni nou ap bati ansanm. North Country Chamber fyè dèske li te bay pwojè vizyonè sa a yon sipò solid ak aktif depi nan kòmansman, epi nou remèsye epi felisite tout moun ki te patisipe ladan l. Annavan pou pi devan!"

Gary LaBarbera, Prezidan Metye Konstriksyon Eta Nouyòk (New York State Building Trades) la, te deklare, "Lansman Champlain Hudson Power Express la se yon etap enpòtan pou enfrastrikti vèt Nouyòk la ak pou devlopman ekonomik atravè tout eta a. Moman sa a montre kijan vrè envestisman nan enèji pwòp kapab kreye vrè karyè sendikal ki pèmèt fanmi viv, ouvri chemen pou rive nan klas mwayèn nan, epi bay kominote lokal nou yo ak Nouyòkè yo ki travay di opòtinite pou yo pwospere. Manm nou yo fyè dèske yo te jwe yon wòl nan mennen pwojè sa a rive nan bout li epi ede Nouyòk kontinye reyalize objektif li yo nan domèn enèji."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU